



# ROBERTS NAYLOR K-8 SCHOOL

## IBARUWA YO KWAKIRA UMUVYEYI

Nshuti Muvyeyi w'Umuryango wa Roberts Naylor K-8,

Nizere ko iyi baruwa igusanga ufite ubuzima bwiza kandi ufite umwuka mwiza. Mugihe umwaka mushya w'amashuri wegereje, nashakaga gufata akanya ko kubakira neza kandi mbikuye ku mutima kuri buri wese muri mwe. Waba ugarutse kw'ishuri ryacu cyangwa udusanze ku nshuro yambere, twishimiye kuba ubaye umwe mu muryango wacu mwiza.

Kw'ishuri rya Roberts Naylor K-8, twizera tudashidikanya ko uburezi ari imbaraga zifataniye zirimo abanyeshuri, abavyeyi, abarimu, ndetse n'abanyagihugu bose. Twese hamwe, turashobora gushiraho ibidukikije vyita kandi bitera imbaraga biha abanyeshuri bacu ubushobozi bwabo bwose kandi bakagera ku nyigisho y'intashikirwa.

Itsinda ryacu ry'abarezi bitanga riyiyemeje gutanga uburezi bwuzuye burenze inkuta z'ishuri. Duharanira kwimakaza gukunda kwiga, gushishikariza gutekereza n'ubushishozi, no gucengeza indangagaciro z'icubahiro, ineza, n'impuhwe mu banyeshuri bacu. Twibanze ku myigire yihariye n'uburyo busha bwo kwigisha, tugamije guha abanyeshuri bacu ubumenyi n'ubwenge bukenewe kugirango batsinde mw'isi igenda ihinduka.

Itumanaho n'ubufatanye n'abavyeyi ni ivyingenzi kugirango habeho uburambe bw'uburezi bwiza ku banyeshuri bacu. Turagutera umwete wo kwishora hamwe n'ishuri ryacu witabira inama z'abavyeyi n'abarimu, kwitabira ibikorwa vy'ishuri, no kubandanya kumenya amakuru y'iterambere ry'umwana wawe. Duha agaciro ibitekerezo vyanyu kandi twizera ko mu gukorera hamwe, dushobora gutanga inkunga n'ubuyobozi bwiza bushoboka ku banyeshuri bacu.

Mu ndwi ziri imbere, tuzakira urukurikirane rw'icerekezo kandi twakire ibirori vyo kugufasha kumenyera ishuri ryacu, politiki yaryo, hamwe n'ibikoresho ushobora kubona hamwe n'umwana wawe. Turagutera umwete wo kwifatanya natwe no gukoresha ayo mahirwe yo guhura n'abakozi bacu, kubaza ibibazo, no guhura n'abandi bavyeyi. Hagati aho, nyamuneka suzuma bimwe muvuyo dutegereje kw'ishuri kugirango dushigikire intsinzi muri Roberts Naylor K-8:

- Igihe co gutangira ishuri: 8h:45 a.m. ku banyeshuri bose.
- Abanyeshuri ba K-6: barekurwa 3:00 p.m. ku wa mbere, Ku wa kabiri, Ku wa kane, no ku wa gatanu.
- Abo mu myaka ya 7 & 8 barekurwa 3:50 a.m. ku wa mbere, Ku wa kabiri, Ku wa kane, no ku wa gatanu.

- **Ku wa gatatu: K-6 barekurwa 2:00 p.m. naho iya 7/8 barekurwa 2:50 p.m.**
- Abanyeshuri bese biga muri Roberts Naylor bafite amahirwe yo kurya ifunguro rya mu gitondo na sasita buri muni. Nta mpamvu yo kuzuza ibisabwa.
- Buri gihe uze umenya neza ko umunyeshuri wawe yambaye iniforome, niba abanyeshuri batambaye iniforome abavyeyi bazahamagarwa kuri telefone mu gitondo kugirango bazane iniforome.
- **Abanyeshuri bo mu myaka ya 4 – 8 ntibemerewe kwambara umupira ufise ingofero iyo ariyo yose, w'amaboko maremare, canke ijaketi. Imipira ifise ingofero ntiyemewe ku banyeshuri kubera ibibazo vy'umutekano.**
- **Abanyeshuri bo myaka ya 4 - 8 bakoresha ibikapu bibonerana.**
- Abanyeshuri ba K-3 barashobora gukoresha ibikapu bisanzwe.
- Terefone ngendanwa: Abanyeshuri ntibemerewe kubika terefone zigendanwa iyo bageze kw'ishuri. Barashobora kuzijana mu biro canke bakazishira mu dusaho tw'imifuka yabo.
- Ibinyobwa: Abanyeshuri barashobora kuzana amazi gusa mw'ishuri canke umutobe muke hamwe n'ivyokurya vya sasita. Nta binyobwa bidasembuye, ibinyobwa bitera imbaraga, ikawa, Gatorade n'ibindi mu gitondo canke mugihe c'amasomo
- Mu gitondo abavyeyi bazasiga abanyeshuri imbere y'ishuri, abanyeshuri bonyine ni bo bemerewe kwinjira mu nyubako.
- Gutinda gutahana: Babyeyi, Ndumva ko ibintu vyihutirwa bibaho. Niba uza gutinda gufata umunyeshuri wawe hamagara ibiro vy'imbere kuri 584-6800. Turi hano kugirango dufashe, reka dufatanye gushigikirana!

Mugihe dutangiye uyu mwaka musha w'amashuri, ndashaka kubizeza ko umutekano n'imibereho myiza y'abanyeshuri bacu bifite akamaro kanini cane. Twashize mu bikorwa ingamba zuzuye z'ubuzima n'umutekano hagamijwe gushiraho ahantu heza ho kwigira hubahiriza umurongo ngenderwaho washizweho n'inzego z'ubuzima zaho. Abakozi bacu bitanze bazakomeza gukurikirana no guhuza protocolo kugirango umutekano ukomeze kuri buri wese mu muryango w'ishuri ryacu.

Mu gusozza, ndashaka kwerekana ko mbashimira vyimazeyo kubwo kwizera no gushigikira. Twese hamwe, reka dutangire uru rugendo rushimishije rwo kwiga no gukura, tuzi ko dukorerwa hamwe, dushobora guha abana bacu uburezi budasanzwe. Nizera ko uyu uzaba umwaka wuzuyemo kuvumbura, kugera ku ntego, n'ivyiza vyo kwibuka.

Nongeye kandi kubakira, mw'ishuri rya Roberts Naylor K-8, inzu ya Phoenix. Reka uyu mwaka tuwugire umwaka w'akataraboneka!

N'Icyubahiro

*Bernadette Rosthenhausler - Espinoza*

**Umukuru w'Ishuri, Roberts Naylor K-8 School, TUSD**